

SD NEGERI KARANGREJEK 1

Kelas VI

Bahasa Jawa

Materi : MUSEUM

Ayo semaken wacan iki!

Museum Yogja Kembali



id.wikipedia.org

Dina Rebo klase Bima belajar luar sekolah menyang Monumen Yogya Kembali. Mangkate jam 09.00, tekan monumen jam 10.15. Bocah-bocah didumi tiket banjur antri mlebu ing monumen.

Monumen Yogya Kembali dumunung ing Jongkang, Sariharjo, Ngaglik, Sleman. Monumen Yogya Kembali pinangka tetenger sejarah mundure tentara Walanda saka Ngayogyakarta tanggal 29 Juni 1949. Monumen dibangun awit prakarsane Kolenel Sugiyarto, wali kota Ngayogyakarta wektu kuwi. Peresmian monumen lan tandha tangan prasasti tanggal 6 Juli 1989 dening Presiden Suharto.

Bocah-bocah mlebu njujug ing taman sisih ngarep. Ing taman dipajang meriam gawean Rusia lan replika pesawat guntai lan pesawat cureng kang nalika semana digunakake kanggo penyerangan.

Tekan ngarep monumen Pak Guru dhawuh supaya bocah-bocah ora pisah karo klompoke. Saben klompok diparingi lembar tugas sing kudu digarap. Sawise kempit anggone padha maspadakke isine monumen, banjur bali ing sekolahan. Tekan sekolahan ora terus padha mulih, nanging nggarap laporan.

(Sumber: Buku Panduan Museum-Museum Daerah Istimewa Yogyakarta)

Ngetika huruf A, B, C utawa D ing kotak jawaban kang bener!

1. Sawise kempu anggone padha maspadakke isine monumen, banjur balli ing sekolahan. Teges tembung **kempu** ing ukara dhuwur yaiku ...
 - a. tandha
 - b. tiruan
 - c. rampung
 - d. wong kang ngajak
2. Ing museum biasa ana, tulisan utawa gambar sing digawe ing papan sing atos kayata watu kasebut ...
 - a. tetenger
 - b. monumen
 - c. prakarsa
 - d. prasasti
3. Ing museum, biasane ana barang sing digawe mirip karo barang asline, yaitu ...
 - a. monumen
 - b. replika
 - c. prasasti
 - d. prakarsa
4. Bentuk bangunan Monumen Yogya Kembali yaitu ...
 - a. balok
 - b. tabung
 - c. kerucut
 - d. piramida
5. Dadi wong aja kegedhen empyak nanging kurang cagak. Paribasan iku tegese ...
 - a. wong ngarep-arep kang utung mesti kelakon
 - b. kapribaden anak mirip wong tuane
 - c. wong tua sinau karo wong enom
 - d. kegedhen karep kurang srana
6. Jaman saiki akeh wong tua sinau teknologi marang anake, utowo wong sing luwih enom. Kahanan iki trep karo paribasan ...
 - a. kegedhen empyak kurang cagak
 - b. kacang mangsa tinggal lanjaran
 - c. kebo kabotan sungu
 - d. kebo nusu gudel
7. Paribasan sing pas kanggo wong siang akeh anak yaiku ...
 - a. kegedhen empyak kurang cagak
 - b. kacang mangsa tinggal lanjaran
 - c. kebo kabotan sungu
 - d. kebo nusu gudel
8. Prasasti ditandhatangani dening Presiden Soeharto. Tembung pitakon kang pas kanggo ukara jawaban iku yaiku ...
 - a. kapan
 - b. sapa
 - c. genea
 - d. kepriye
9. Monumen Yogya Kembali pinangka tetenger sejarah mundure tentara Walanda saka Ngayogyakarta tanggal 29 Juni 1949.
 - a. Sapa sing ngresmekake Monumen Yogya Kembali?
 - b. Kepriye cara bangun Monumen Yogya Kembali?
 - c. Kapan tentara Walanda mundur saka Ngayogyakarta?
 - d. Genea dibangun Monumen Yogya Kembali?
10. Pernyataan iki sing trep karo isi paragraf kapindo yaiku ...
 - a. Monumen Yogya Kembali mapan ing provinsi Jawa Tengah
 - b. Tokoh kang ngresmekake Monumen Yogya Kembali yaiku Sugiyarto
 - c. Monumen Yogya Kembali dibangun awit prakarsa seka wali kota Yogyakarta
 - d. Monumen Yogya Kembali pinangka tetenger sejarah mundure tentara Inggris saka Ngayogyakarta